LIVRÈ **SANTE** NAN DE LANG

FRANSÈ/**KREOL AYISIEN**









LIVRET DE **SANTÉ** BILINGUE

FRANÇAIS/CRÉOLE HAÏTIEN

LIVRÈ **SANTE** NAN DE LANG

FRANSÈ/**KREOL AYISIEN**

Teks : desanm 2005
Atansiyon : kèk enfòmasiyon ki nan livrè sa kapab chanje yon lot lè..

LIVRET DE **SANTÉ** BILINGUE

FRANÇAIS/CRÉOLE HAÏTIEN

Ce livret bilingue est disponible en FRANÇAIS/
ALBANAIS/ANGLAIS/ARABE/ARMÉNIEN/BENGALI/BULGARE/CRÉOLE HAÏTIEN
CHINOIS (MANDARIN)/ESPAGNOL/GÉORGIEN/HINDI/KURDE/LINGALA/OURDOU
PORTUGAIS/PULAR/ROUMAIN/RUSSE/SERBE/SONINKÉ/TAMOUL/TURC/WOLOF

Texte : décembre 2005
Première impression : avril 2006
Réimpression : juin 2007
Attention : certaines informations contenues dans ce livret
sont susceptibles de modifications ultérieures.


SOMMAIRE

SOME



POUR SE SOIGNER

POU RESEVWA LASWENYAY



POUR VEILLER À SA SANTÉ


POU SIVEYE SANTE W



69

POUR UN SOUTIEN JURIDIQUE ET SOCIAL

POU YON LÈD LETA AK PWOTEKSIYON LETA



87

VOS INFORMATIONS PERSONNELLES ET PRATIQUES

ENFÒMASIYON KI KONSÈNE W POU W KAP FONKSIYONE


H

POUR SE SOIGNER

POU RESEVWA LASWENYAY

Pour se soigner

En France, tout le monde a droit à une protection maladie pour payer les frais médicaux.
Il est préférable de la demander avant d'être malade.
Il faut d'abord demander ***la sécurité sociale « de base »*** *(p. 8), que l'on peut compléter par une mutuelle ou assurance complémentaire payante privée. Pour les personnes qui ont de faibles ressources, cette complémentaire est gratuite et s'appelle* ***CMU complémentaire*** *(p. 12).*
Pour les personnes qui n'ont pas de titre de séjour et qui disposent de faibles ressources, il faut demander ***l'Aide médicale État*** *(AME, p. 16).*

La CMU complémentaire et l'AME, que l'on peut obtenir rapidement en cas de besoin, permettent d'être soigné sans payer chez le médecin, le dentiste, à l''hôpital, au laboratoire et à la pharmacie.

Sans argent et sans protection maladie, seules les ***Permanences d'accès aux soins de santé*** *(PASS, voir p. 20) de l'hôpital public peuvent délivrer les soins nécessaires en toute situation.*
Il existe enfin des ***services spécialisés de santé publique,*** *gratuits pour tous (p. 22).*
Il faut choisir le ***médecin traitant*** *par lequel on souhaite être suivi. En cas de besoin, on peut faire appel à des* ***interprètes*** *(p. 26).*

Pou resevwa laswenyay

*An Frans, tout moun gen dwa gen yon proteksiyon maladi pou peye frè la swenyay. Li pi bon pou w mande li avan ke ou malad. Fòk ou deja mande sekirite sosiyal (de baz la), ke w kap konplete ak sekirite sosyial « **de baz la** » (p. 8), ke ou kap konplete ak yon mityièl ou biyen yon asirans konplemantè ki peye. . Pou moun ki pa gen gwo lajan, konplemantè sa gratis e li rele **CMU-konplemantè** (p. 12). Pou moun ki pa gen papiye et ki pa gen gwo lajan, ou kap mande **lèd leta** pou w al wè doktè.(AME, p. 16).*

CMU-konplemantè ak (l'AME,) ke ou kap jwenn vit si w bezwen'l , pèmèt ou pran la swenyay san ou pa peye kay doktè, kay dantis, lopital, nan laboratwa, nan famasi.

*Lè ou pa gen lajan, ni proteksiyon maladi, sèl **mwayen ou ka jwenn la swenyay**. (PASS, gade p. 20) yo nan lopital piblik la kap bay swen ki nesesè nan tout sitiya-siyon. Apre sa gen **sèvis espesiyalize sante piblik** ki gratis pou tout moun . (p. 22). Fòk ou chwazi **doktè kap egzèse** ke ou vle ki swiv ou. (p. 24). Si gen bezwen, yo ka rele entèprèt. (p. 26).*



Sécurité sociale « de base »

Qui a droit a la sécurité sociale « de base » ?

La sécurité sociale « de base » (dont la CMU « de base ») est un droit pour toute personne vivant en France en situation régulière et depuis au moins 3 mois en France (sauf pour les demandeurs d'asile qui sont dispensés de cette dernière condition).

Comment demander la sécurité sociale ?

Au centre de sécurité sociale de son quartier (demander l'adresse au CCAS – Centre communal d'action sociale – de la mairie). En cas de domiciliation administrative (voir p. 14), il s'agit du centre de sécurité sociale correspondant à l'adresse portée sur l'attestation de domiciliation.

Documents à fournir

- **État-civil :** en priorité un extrait d'acte de naissance, sinon un passeport ou une carte d'identité ou un certificat de dépôt de l'Ofpra (Office français de protection des réfugiés et apatrides) pour les demandeurs d'asile ou tout autre document de nature à attester de son identité.
- **Adresse :** attestation d'hébergement (avec quittance de loyer ou facture EDF) ou domiciliation administrative dans un organisme agréé. Attention : il faut s'assurer que le courrier parvienne effectivement à cette adresse.
- **Résidence régulière en France :** tout document de séjour délivré par la préfecture en cours de validité : carte de résident, carte de séjour temporaire, récépissé, autorisation provisoire de séjour, rendez-vous/convocation, notice asile...
- **Ressources :** attestations de l'ensemble des ressources entre janvier et décembre de l'année précédente[1] (salaires, allocations, etc.).

1 Toutefois, pour les personnes qui ont aussi droit à la CMU complémentaire : attestations de l'ensemble des ressources seulement des 12 derniers mois (cf. p. 12).

Sekirite sosiyal de « baz »



Ki moun ki gen dwa gen sekirite sosiyal « de baz la» ?

Sekirite sosiyal « de base » (ki donk CMU « de base ») se yon dwa pou tout moun kap viv an Frans e ki gen papiye depi o mwen 3 mwa. (sof moun ki mande azil ki pa bezwen ranpli kondisiyon sa a).

Ki kote pou w mande sekirite sosiyal la ?

Nan sant sekirite sosiyal ki bò lakay ou (mande adrès la nan CCAS la meri a). Pou biwo leta (gade p. 14), se sant sekirite sosiyal ki koresponn ak adrès ki sou atestasiyon domisil la .

Papiye pou w pote:

- **Sitiyasiyon fanmi w ki rele Leta sivil :** premiyèman yon extrè batistè w, ou biyen paspò w, kat idantite w, ou sètifika depo Ofpra pou mande azil ou tout lòt papiye pou yo kab wè si se ou menm.

- **Adrès :** Lèt ebèjman (ak facti lwaye, bòdro elèktrisite) (EDF) ou byen adrès ke yo ba w nan yon òganis ke leta rekonèt.
  Atansyion : Fòk ou si ke lèt ou ap rive nan adrès ke ou bay la ;

- **kote w ye ekzakteman an Frans la :** tout papiye sejou ke préfèkti a bay ki bon toujou ; Kat residans, kat sejou pou yon ti bout tan an, resepise, otorizasyion pou yon tan sejou, randevou / konvokasiyon, tout papiye ki gen rapò ak azil.... ;

- **Kòb wap viv avèl :** atestasiyon tout kòb ou resevwa nan mwa janviye rive nan mwa desanm, ane ki sòt pase a[1] (salè, lèd leta, etc...).

1 Men, pou moun ki gen dwa gen CMU konplemantè : prèv kòb yap viv avèl depi 12 mwa (Cf page 12)



Sécurité sociale « de base »

Comment utiliser la sécurité sociale ?

En règle générale, la Sécurité sociale rembourse les 2/3 des dépenses (sauf pour les lunettes et les prothèses dentaires), mais il faut avancer la totalité de l’argent. Dans les centres de santé, à l’hôpital et chez certains médecins et pharmaciens, il est possible de payer seulement 1/3 des frais (appelé « ticket modérateur ») en présentant son titre de sécurité sociale (attestation papier ou carte Vitale). La CMU complémentaire (voir p. 12) ou les mutuelles et assurances payantes prennent en charge cette part complémentaire.

Attention ! Le « 100 % » n’est pas gratuit pour tout : les personnes qui souffrent de certaines maladies chroniques peuvent être dispensées de payer le ticket modérateur, elles sont à « 100 % sécurité sociale ». Mais le « 100 % » s’applique uniquement aux soins concernant les maladies chroniques.



Koman pou itilize sekirite sosiyal la ?

Jeneralman, sekirite sosiyal remèt 2/3 nan depans (sóf pou linet ak fo dan), men avan fók ou bay tout lajan an. Nan sant de sante, **lopital** e kay kèk doktè et famasyien, li posib pou ou peye sèlman 1/3 nan lajan yo (ki rélé « tikè modératè ») ou montre kat sékirite sosiyal (atestasyion papye, ou byen kat Vital) CMU komplemantè (gade p. 12) ak mitiel ak asirans ke ou genyen remèt lajan ou bay an plis la.

Atansiyon : tout bagay pa gratis ti cheri (pa gen « 100 pou 100 » : moun ki soufri anpil gwo maladi long kapab pa peye tikè moderatè a, yo san pou san «sékirité sosiyal peye tout 100 pou 100 ». Men « 100 pou 100 » valab pou la swenyay gwo maladi long.



CMU complémentaire

Qui a droit a la CMU complémentaire?

Les personnes qui ont droit à la sécurité sociale « de base » et qui perçoivent moins de 587,16 € nets par mois peuvent demander la CMU complémentaire pour pouvoir être soignées sans payer. Au-delà de 1 personne, les conditions de revenus sont les suivantes : il faut gagner moins de 880,75 € nets par mois pour 2 personnes, moins de 1 056,90 € nets par mois pour 3 personnes, moins de 1 233,05 € nets par mois pour 4 personnes (ajouter 234,87 € de plus à ce plafond pour chaque personne supplémentaire). Les bénéficiaires du RMI ont droit à la CMU complémentaire sans examen de leurs ressources.

Attention ! Dans les DOM, les plafonds de ressources sont différents. Les personnes qui dépassent légèrement le plafond peuvent demander une aide pour payer une mutuelle ou une assurance privée.

Lorsqu'on a besoin de consulter rapidement un médecin ou un dentiste et que l'on ne peut pas payer, il faut demander une « admission immédiate » à la CMU complémentaire, si besoin avec une lettre du médecin. Le centre de sécurité sociale délivrera une attestation dans les jours suivants. Il faut toujours apporter tous les documents nécessaires.

Où demander la CMU complémentaire ?

Au centre de sécurité sociale de son quartier (demander l'adresse au CCAS de la mairie). En cas de domiciliation administrative (voir p. 14), il s'agit du centre de sécurité sociale correspondant à l'adresse portée sur l'attestation de domiciliation.

Documents à fournir pour demander la CMU complémentaire :

Ressources : attestations de l'ensemble des ressources au cours des 12 derniers mois (Assedic, RMI, salaires...) ou déclaration sur l'honneur.

CMI konplemantè



Ki moun ki gen dwa benefisiye CMU-Konplemantè a ?

Moun ki deja gen dwa pou **sekirite sosiyal** « de baz » e ki touche mwens ke 587,16 € pil pa mwa kapab mande CMU-konplemantè pou li kapab jwenn la swenyay san li pa peye. Lè se plis ke youn moun, men kondisiyon lajan a : fòk ou touche **mwens ke** 880,75 € pil pa mwa pou 2 moun, mwens ke 1 056,90 € pil pa mwa pou 3 moun, mwen ke 1 233,05€ pil pa mwa pou 4 moun (ajoute 234,87 € pou chak moun an plis).

Atansiyon nan DOM-Tom, total lajan ki pi wo an diferan. Gen moun ki depase yon ti kras lajan ki pi wo a e ki kapab mande yon lèd pou peye yon mitiyèl ou ou byen yon asirans prive.
Moun ki deja gen RMI jwenn CMU-konplemantè a san yo pa ekzamine kondisiyon kòb lap viv avèl.

Lè w bezwen konsilte yon doktè ou yon dantis biyen vit e ke ou pa kap peye, fòk ou mande yon « akseptasiyon la pou la » nan CMU-konplemantè, ak yon lèt doktè a si w bezwen. Sant sekirite sosiyal la ap bay yon atestasiyon nan jou kap vini yo.
Fòk ou toujou ale ak tout papiye ki nesesè yo.

Ki kote ou kapab mande CMU-konplemantè an ?

nan sant sekirite sosyial ki nan zòn ou a (mande adrès la bò kote CCAS nan meri). Nan ka yon biwo leta (gade p. 14), se sant sekirite sosyial ki koresponn ak adrès ki sou atestasiyon kote w rete a.

Papiye ki pou bay lè ou mande CMU-konplamantè :

Kòb wap viv avèl : atestasiyon tout kòb ou fè ou byen ou resevwa pandan 12 deniye mwa yo (Assedic, RMI, salè...) ou **deklarasyion sou lonè.**



CMU complémentaire

Comment utiliser la CMU complémentaire ?

Après acceptation du dossier, le centre de sécurité sociale adresse l'attestation d'admission à la sécurité sociale « de base » et à la CMU complémentaire, puis une carte plastifiée « Vitale » avec notification papier verte. En cas de demande d'admission immédiate à la CMU complémentaire (voir p. 12), le centre délivrera l'attestation dans les jours suivants.
À chaque consultation, il faut présenter l'attestation ou la carte Vitale avec la notification papier. Avec la CMU complémentaire, on ne paye ni les consultations à l'hôpital ou chez le médecin, ni les examens de laboratoire, ni les médicaments à la pharmacie. La CMU complémentaire est valable 1 an, partout en France. Il faut demander le renouvellement de la CMU complémentaire 2 mois avant la date de fin de droits si la situation n'a pas changé.

Si vous êtes hospitalisé et sans protection maladie, adressez-vous à l'assistante sociale de l'hôpital pour obtenir une protection maladie afin d'éviter de recevoir une facture. Si vous recevez la facture de l'hôpital, allez voir sans tarder l'assistante sociale.

Attention ! Pour les personnes qui n'ont pas d'extrait d'acte de naissance, la Sécurité sociale attribue un numéro d'immatriculation provisoire (qui commence par 7 ou 8), et ne délivre pas la carte Vitale. Il faut présenter l'attestation papier pour être soigné.

Domiciliation administrative
Si vous êtes sans domicile fixe ou si vous ne pouvez pas obtenir une attestation d'hébergement, demandez une domiciliation :
- soit auprès de la mairie du lieu où vous vivez ;
- soit auprès d'une association agréée Sécurité sociale et Aide médicale État, dans le département où vous vivez.
Demandez à la mairie les coordonnées des associations agréées.

koman pou w sèvi avèk CMU-konplemantè ?

Lè yo fin aksepte dosiye a , sant sekirite sosiyal la voye yon atestasiyon ki montre ke yo aksepte pou w gen sekirite sosiyal « de baz » e pa CMU-konplemantè, e pi yon kat plastifiye « Vital » ak yon papiye vèt. « si w mande pou yo aksepte w la pou ke ou gen »CMU-konplamantè (gade p. 12), sant lan ap ba ou yon atestasiyon nan jou kap vini yo.
Pou chak konsiltasiyon fòk ou prezante atestasiyon ou biyen kat vital la ak papiye ki mache avèl la. Avèk CMU-konplemantè a ou pa peye ni konsiltasiyon nan lopital, ou biyen kay doktè, ni ekzamen laboratwa, ni medikamen nan famasi.
CMU-Konplemantè a ekspire apre yon ane, tout kote an Frans..Fòk ou mande renouvle CMU konplemantè a 2 mwa avan dat lap fini an, si sitiyasiyon w pa chanje .

Si ou etène san proteksiyon maladi, ale wè asistans sosiyal lopital là pou li fè ou jwenn yon proteksiyon maladi, se pou ka evite w resevwa yon fakti lopital. Si ou resevwa yon fakti lopital la ; ale wè biyen vit asistans sosiyal la.

Atansiyon : Pou moun ki pa gen ekstrè batistè, sekirite sosiyal kapab ba yo yon nimewo imatrikilasiyon pou yon tan (ki kòmanse pa 7 ou pa 8), pa ba yo kat vital la. Fòk ou bay atestasiyon papiye pou yo pran swen w

Kote ou gen adrès pou leta
Si ou pa gen kay fiks , ou si ou pa kapab genyen atesttasyon ebèjman, ou kapab mande yon adrès.:
- swa bò kote meri wap viv la ;
- swa bò kote yon asosyasiyon ki pa lwen sekirite sosiyal ak lèd ke leta bay pou la swenyay kay doktè nan depatman kote wap viv la.. Mande meri a adrès asosyasiyon ke leta rekonèt.



Aide médicale État (AME)

Qui a droit à l'Aide médicale État ?

Les personnes qui vivent en France depuis au moins 3 mois, qui n'ont pas de titre de séjour et qui perçoivent moins de 587,16 € nets par mois (comme pour la CMU complémentaire, voir p. 12).

Attention ! Avec une convocation ou un rendez-vous de la préfecture, il faut demander la sécurité sociale « de base » et la CMU complémentaire, pas l'AME.

Lorsqu'on a besoin de consulter rapidement, il faut se rendre à l'hôpital public et demander au médecin une lettre pour accélérer la délivrance de l'AME par le centre de sécurité sociale auquel il faut apporter tous les documents nécessaires.

Où demander l'AME ?

En principe au centre de sécurité sociale de son quartier mais, dans certains départements, il faut se rendre à des guichets spéciaux. Se renseigner auprès du centre de sécurité sociale.

Documents à fournir pour demander l'AME :


- **État-civil :** en priorité un extrait d'acte de naissance, sinon un passeport ou une carte d'identité ou un certificat de dépôt de l'Ofpra pour les demandeurs d'asile ou tout autre document de nature à attester de votre identité.
- **Adresse :** attestation d'hébergement (avec quittance de loyer ou facture EDF) ou domiciliation administrative dans un organisme agréé (voir p. 14). Attention : il faut s'assurer que le courrier parvienne effectivement à cette adresse.
- **Résidence en France depuis au moins 3 mois :** tout justificatif de résidence, quittance de loyer ou facture EDF, documents de l'Ofpra, anciens titres de séjour, bulletin d'hospitalisation, feuilles de salaire...

Lèd medikal Leta (AME)



Ki moun ki gen dwa jwenn lèd pou la swenyay leta ?

Moun kap viv an Frans depi o mwen twa mwa, ki gen tit sejou e ki touche mwens ke 587,16 € pil pa mwa. (kòm pou CMU-konplémantè, wè p. 12).



Atansiyon : avèk yon konvokasiyon ou yon randevou nan prefèkti, fòk ou mande yon sekirite sosiyal « de baz » ak yon CMU-konplemantè, pa AME.

Lè w bezwen wè doktè la pou la, fòk w ale nan lopital leta e fòk ou mande doktè a pou li ba w yon lèt pou sekirite sosiyal ba w AME la pou la ; e fòk ou pote tout dokiman ki nesesè .

Ki kote pou w mande AME a ?

Ou kapab mande li nan sant sekirite sosiyal ki nan zòn ou, men nan kèk depatman fòk w ale nan gichè espesiyal pou sa.. Ou ka ranseniye nan sant sekirite sosiyal ou.

Dokiman pou w bay lè ou mande AME :

- **Leta sivil** : premiyèman yon ekstrè batistè ou biyen paspò ou kat didantite ou biyen sètifika depo lofpra pou moun ki mande azil ou biyen nenpòt ki lòt dokiman ki kap montre ke ou se menm moun lan.

- **Adrès** : Atestasiyon kote ou rete (avèk papiye lwaye ou fakti EDF) ou adrès ke leta rekonèt nan yon òganis ke leta rekonèt (gade p. 14). Atansiyon : Fòk ou si ou ke lèt ou ap rive nan adrès ke w bay la.

- **Rezidans an Frans depi o mwen 3 mwa** : tout papiye ki ka montre kote w rete, fakti lwaye ou biyen EDF, dokiman Ofpra, ansiyen tit séjou, ospitalizasiyon, bilten salè... ;



Aide médicale État (AME)

- **Ressources :** en priorité un document retraçant les moyens d'existence du demandeur et des personnes à sa charge (conjoint, enfants), pour les 12 derniers mois. Sinon, fournir les indications sur les charges de vie effectivement assumées.

Comment utiliser l'Aide médicale État ?

Après acceptation de votre demande, le centre de sécurité sociale remet en main propre une attestation d'admission à l'Aide Médicale État. Il faut se présenter à chaque consultation avec cette notification papier. Avec l'AME, on ne paye ni les consultations à l'hôpital ou chez le médecin, ni les examens de laboratoire, ni les médicaments à la pharmacie. L'AME permet l'accès aux soins dentaires mais pas aux prothèses dentaires ni aux lunettes. L'AME est valable 1 an, partout en France.

Il faut demander le renouvellement de l'AME 2 mois avant la date de fin de droits si la situation n'a pas changé.

Le site officiel de l'Assurance Maladie : www.ameli.fr






- **Kòb wap viv avèl** Premiyèman yon dokiman ki montre ak ki lajan moun ki mande AME a ap viv , e moun ki responsab li (madanm ou biyen mari, pitit) pou douz mwa ki sot pase a. . Sinon bay endikasiyon sou tout sa w gen sou kont ou. .

Kòman pou w sèvi ak lèd doktè leta ?

Aprè yo finn aksepte sa w mande a, sant sekirite sosiyal la ap voye ba ou pa la pòs yon atestasiyon ki montre ke yo aksepte pou w resevwa lèd doktè leta a. Fòk w ale nan chak konsiltasiyon avèk papiye sa a. Avèk AME a , ou pap peye konsiltasiyon nan lopital ni kay doktè., ni ekzamen laboratwa, ni medikaman nan famasi. AME pèmèt w ale kay dantis, men li pa pèmèt ou mete fo dan ou biyen linèt. Li valab yon ane nan nan tout la Frans. .

Fòk ou mande pou renouvle AME a 2 mwa avan dat lap fini an si sitiyasiyon an pa chanje.



Sit ofisiyèl Asirans maladi www.ameli.fr



PASS de l'hôpital public

Les personnes ayant de faibles ressources et pas encore de protection maladie, et qui ont besoin de soins rapidement, peuvent s'adresser à la **Permanence d'accès aux soins de santé (PASS)** de l'hôpital public le plus proche. Elles pourront y être soignées et obtenir si besoin un courrier médical destiné à accélérer l'ouverture des droits auprès de la Sécurité sociale. Selon la loi, tous les hôpitaux de service public doivent proposer les services d'une PASS, mais ce n'est pas toujours le cas dans la pratique.

En cas de problème pour vous faire soigner ou pour obtenir une protection maladie, demandez de l'aide à une assistante sociale.

Pour une information sur l'accès aux soins et à une protection maladie, contactez le Comede au 01 45 21 63 12 du lundi au vendredi.

PAS opital piblik la



Moun ki pa gen lajan e ki pa gen proteksiyon pou resevwa la swenyay, e ki bezwen swen la pou la, kapab adrese li bò kote **Pèmanans aksè o swen sante (PASS)** nan lopital Leta ki pi pre a..Moun sa kapab fè yo swayel li e li kapab jwenn si li bezwen yon kouriye medikal si li nesesè pou yo ouvè la pou la dwa li bò kote sekirite sosiyal. Selon la lwa, tout lopital ki sèvi Leta dwe bay yon PASS, men nan pratik se pa sa ki fèt tout bon vre.

an ka de pwoblèm pou ou kapab pran swen w.
ou biyen pou ou jwenn yon proteksiyon maladi.

Mande lèd yon asistans sosiyal .
Pou yon enfomasiyon sou kòman pou w fè pou ou jwenn swen ak yon proteksiyon maladi, kontakte Comede, swiv aksè swen **01 45 21 63 12**
soti lendi pou rive vandredi.



Services spécialisés de santé publique (gratuits)

Demandez les adresses au CCAS ou à la mairie

- Suivi de la grossesse et des enfants de moins de 6 ans : **PMI (Protection maternelle et infantile).**
- Infections sexuellement transmissibles et dépistage du VIH-sida : **centres IST et CDAG (Consultations de dépistage anonyme et gratuit).**



Pour les coordonnées des CDAG et centres IST : Sida Info Service 0800 840 800, gratuit 24 h/24

- Tuberculose : **centres de lutte antituberculeuse (Clat)**
- Vaccins : **centres de vaccination**
- Contraception : **planification familiale (CPEF)**
- Difficultés psychologiques : **centres médico-psychologiques (CMP)**

Sèvis espesiyal sante piblik (gratis)



Mande adrès yo bò kote CCAS ak nan lameri

- Pou swiv gwosès la e pou timoun ki gen mwens pase 6 zan : **PMI (Pwoteksiyon manman pou ti moun yo)**
- Jèm maladi ou ka pran nan fè bagay ak ekzamen pou jèm sida (VIH-sida) : Sant **IST ak CDAG (konsiltasiyon pou yo chache jèm sida san w pa di non w)**



Pou adrès CDAG ak sant IST
Sida Enfo Sèvis 0800 840 800 gratis 24h/24

- Tibèkiloz : **Sant kap lite kont tibèkiloz (CLAT)**
- Vaksen : sant **vaksinasiyon**
- kontrasepsiyon : **planin familiyal (CPEF)**
- Pwoblèm nan tèt : sant **mediko-psikolojik (CMP)**



Médecin traitant

Il est recommandé d'être suivi par le même médecin généraliste afin de bénéficier d'une meilleure qualité des soins.
Le médecin que l'on choisit devient son « médecin traitant » dont on doit signaler les coordonnées auprès de la Sécurité sociale pour être remboursé de certains frais médicaux.
Bien sûr, chacun a le droit de changer de médecin traitant quand il le souhaite, notamment en cas de déménagement.

Signaler tout changement de médecin traitant à votre centre de sécurité sociale.

Demandez des copies de vos résultats d'examens, et apportez toujours tous vos documents médicaux lorsque vous allez voir un médecin.

Doktè kap ba w laswenyay



Yo rekòmande pou w ta wè yon sèl doktè jeneralis, se pou w ka benefisiye pi bon swen. Doktè ke w chwazi a tounen « doktè kap okipe w » ; ou dwe bay sekirite sosiyal adrès li pou yo remèt ou kèk frè kay doktè. Wi , chak moun gen dwa chanje doktè kap okipe'l lè li vle, sitou si li bwote.

Se pou w avèti chak fwa ke w chanje doktè kap okipe w.

Mande anpil Kopi resilta ekzamen, e fò w pote tout dokiman doktè lè w pral wè yon doktè.



Interprétariat

Une bonne pratique de la langue française, ou à défaut de la langue anglaise, est nécessaire pour pouvoir être soigné en France dans les meilleures conditions.
Les personnes qui ne parlent ni le français ni l'anglais doivent être autant que possible accompagnées par un interprète dans leurs diverses consultations. À défaut, il est nécessaire de toujours disposer sur soi du numéro de téléphone d'un proche parlant sa langue et le français (ou l'anglais).

La qualité de l'interprétariat est essentielle pour la qualité des soins

L'interprète doit pouvoir rester neutre dans la relation entre la personne concernée et le professionnel consulté et ne pas « parler à la place de la personne ».
Cette neutralité est parfois difficile à observer de la part des proches lorsque les questions de santé abordent des sujets intimes comme des violences subies ou une maladie grave.
Certains services de santé font appel à des interprètes professionnels : se renseigner auprès du service de santé.

Pour les coordonnées des services d'interprétariat :
ISM-Interprétariat (Inter service migrants)



01 53 26 52 62
24 h /24, 7 j /7
L'interprétariat par téléphone est payant.

Tradui pou ou



Li ta nesesé pou w ta biyen konn pale fransè, ou biyen anglè, pou yo ba w la swenyay an Frans nan pi bon kondisiyon. Moun ki pa pale ni fransè ni anglè dwe gen yon intèprèt pou tout konsiltasiyon li. Sinon li toujou bon ke li gen sou li nimewo telefòn yon moun pal ki pale lang li, fransè (ou anglè).

Jan yo tradui pou ou enpòtan pou la swenyay ou..

Entèprèt la dwe tradui san patipri ant moun ki konsene a ak pwofesiyonèl ke lap konsilte a, li pa dwe « pale nan plas moun nan ».

Li difisil pou pwòch moun nan pou'l pa pran patipri sitou lè kesiyon sante a pale de bagay kip pa pou repete, tankou lè moun nan sibi viyolans ou biyen lèl gen gwo maladi. Gen kèk sèvis sante ki rele intèprèt pwofesiyonèl, nou kapab mande ransèyman nan sèvis la.

Pou twouve moun kap tradui :
ISM-Interprétaria (Inter Service Migrants)
01 53 26 52 62
24h /24, 7j /7
'Fòk ou peye pou yo tradui pou ou nan telefòn

1 Mentionne notamment la question des difficultés psychologiques et du dépistage de certains cancers.

1 Pale sitou de pwoblèm nan tèt ak ekzamen pou chache kèk kansè

2 Nutrition, activité physique, prévention du tabagisme et de la consommation excessive d'alcool.

2 Jan w manje aktivite fizik prekosiyon pou tabak avèk alkòl.



POUR VEILLER À SA SANTÉ

POU SIVEYE SANTE W

Pour veiller à sa santé

Le dépistage précoce de certaines maladies permet de les soigner le mieux possible, c'est l'objectif du ***bilan de santé*** *(p. 32).*
Mais, dans tous les cas, mieux vaut prévenir que guérir : on peut se protéger et se soigner du ***VIH-sida*** *(p. 36), des* ***infections sexuellement transmissibles*** *(p. 44), des* ***hépatites virales B et C*** *(p. 46) et de la* ***tuberculose*** *(p. 50).*
La prévention pour une meilleure santé concerne aussi ***la vaccination*** *(p. 54), le* ***mode de vie*** *(nutrition, activité physique, tabac, alcool, voir p. 56) et* ***la contraception*** *(p. 62).*

Pou siveye sante w

Lè w chache jèm maladi bonè ou kap resevwa laswenyay pi biyen, se pou sa yo fè ***bilan sante*** *(p. 32). Men nan tout ka, evite miyò pase mande padon, ou kap fè atansiyon e gen la swenyay pou maladi sida* ***VIH-sida*** *(p. 36), pou* ***maladi ou ka pran nan fè bagay*** *(p. 44),* ***jèm epatit B ak C*** *(p. 46) ak* ***tibèkiloz*** *(p. 50). Lè w fè atansiyon pou sante w pi bon sa konsène jan wap viv, jan w manje, aktivite fizik, tabak, alkòl, al gade nan p. 56),* ***kontrasepsiyon*** *(p. 62) ak* ***vaksinasiyon*** *(p. 54).*



Bilan de santé

Pour toute personne n'ayant pas effectué d'examen médical depuis plus de 5 ans, et notamment pour les personnes récemment arrivées en France, un bilan de santé peut être utile. Il consiste en un examen médical, un examen dentaire, et la réalisation d'examens complémentaires en fonction des antécédents médicaux et des constatations du médecin.

Examens proposés selon le pays d'origine :

- Pour tous les pays d'origine :
  - numération formule sanguine (NFS), pour dépister une anémie ou une hyperéosinophilie ;
  - sérologies de l'hépatite B (Ag HBs, Ac HBs, Ac HBc), de l'hépatite C et du VIH-sida ;
  - radiographie thoracique de face, pour dépister une tuberculose pulmonaire ;
  - examen parasitologique des selles (EPS), pour dépister une anguillulose intestinale présente en Asie du Sud, en Afrique subsaharienne et aux Antilles.
- En plus, pour les personnes d'Afrique de l'Ouest :
  - examen parasitologique des urines, pour dépister une bilharziose urinaire.
- En plus, pour les personnes d'Afrique du Nord, d'Asie du Sud, et pour tous en cas de risques personnels :
  - glycémie à jeun, pour dépister le diabète.

Difficultés psychologiques

Certains problèmes de santé surviennent dans les périodes difficiles de la vie. En cas de difficultés pour dormir, de troubles de la mémoire et de la concentration, lorsqu'on ressent souvent une peur inexpliquée, il est très utile de demander de l'aide à un médecin ou à un psychologue (voir p. 22).

Bilan sante w



Pou tout moun ki pa al wè doktè depi plis pase 5 ane, e menm pou moun ki rive kouniye a an Frans, yon bilan sante kapab bon pou li. Se yon ekzamen kay doktè li ye, yon ekzamen sante e anpil lot ekzamen an fonksiyon swen mediko avan yo e sa doktè a wè.

Egzamen ki ta pou fèt dapre kèk peyi :

- Pou tout peyi kote moun yo soti :
  - Numero-fòmil san`moun nan (NFS), pou chache jèm yon anemi ou biyen yon ipèreyosinofili ;
  - Seroloji épatit B (Ag HBs, Ac HBs, Ac HBc), épatie C ak jèm VIH-sida ;
  - Radiyografi torasik devan,, pou chache jèm tubèkuloz pulmonè ;
  - Egzamen parazitolojik sèl yo (EPS), pou chache angililoznan trip,se bagay ki soti nan sid Azi, nan Afrik sibsaariyen ak nan zantiy yo.

- An +, poumoun ki soti nan Lwès Afrik :
  - Egzamen parazitolojik pipi, pou chache bilaziyoz nan pipi.

- An +, pou moun ki soti Afrik di Nò,d'Azi di Sid, e pou tout moun si yo te riske tèt yo :
  - Glisémi san manje, pou chache diabèt.

Pwoblèm nan tèt

Gen yon seri de pwoblèm sante ki rive nan moman difisil wap viv. Si ou gen pwoblèm pou w konsantre w, si w pè san w pa konnen pou ki sa , fok ou mande doktè ou biyen yon psikològ pou'l ede w pou'l ede w(al gade nan paj 22).



Bilan de santé

Certains cancers peuvent être dépistés suffisamment tôt pour être soignés

- Dépistage du cancer du col de l'utérus tous les 2 à 3 ans pour les femmes en âge d'être enceinte.
- Dépistage du cancer du sein pour les femmes de 50 à 74 ans.
- Dépistage du cancer colorectal tous les 2 ans pour les femmes et les hommes de 50 à 74 ans.

Dépistage du saturnisme chez le jeune enfant

Dans certains immeubles anciens et vétustes, les peintures peuvent contenir du plomb. Le plomb est dangereux pour les enfants : il faut consulter le médecin traitant ou le médecin de la PMI (voir p. 22).

Dépistage de la drépanocytose

Il s'agit d'une maladie génétique qui peut toucher un enfant si ses deux parents sont transmetteurs. En France, le dépistage est réalisé à la naissance chez tout enfant dont l'un des parents est d'origine africaine, antillaise ou guyanaise.

Où pratiquer un bilan de santé ?

Auprès de votre médecin traitant qui vous prescrira les examens à réaliser en laboratoire, ou auprès des Centres d'examen de santé de la Sécurité sociale (demandez à votre centre de sécurité sociale).



Gen kèk kansè yo ka dekouvri bonè, gen la swenyay pou yo:

- Egzamen pou chache kansè col iteris chak 2 ou biyen 3 ane pou fanm ki gen laj pou yo gwòs.
- Egzamen pou chache kansè tete pou fanm apati 50 jouk rive 74 ane ;
- Egzamen pou chache kansè kolorektal chak 2 ane pou gason ak fanm apati 50 jouk rive 74 ane.

Egzamen pou chache tras satinis pou timoun piti yo

nan kèk viye blòk kay, penti yo kapab genyen plon. Plon an pa bon pou timoun , fòk nou konsilte doktè kap ezèse ou byen doktè PMI (al gade paj. 22).

Egzamen pou chache drepanositoz :

Se yon maladi ki pase apati paran a timoun ki kapab pran li si 2 paran yo genyen li. En Frans, yo fè egzamen sa sou tout timoun ki gen youn nan paran yo ki sòti lafrik, o zantiy ou giyàn.

Ki kote w kapab fè yo fè yon bila sante ?

Ale bò kote doktè kap egzèse lap pweskri w ekzamen pou w fè nan laboratwa, ou bò kote sant egzamen sante sekirite sosiyal la. (mande nan sant sekirite sosiyal la).



VIH-sida

C'est quoi le « sida » ?

Le sida (syndrome d'immunodéficience acquise, « AIDS » en anglais) est une maladie provoquée par un virus appelé VIH (virus de l'immunodéficience humaine). Progressivement, ce virus détruit le système de défense de l'organisme : il s'attaque en particulier aux globules blancs appelés « lymphocytes CD4 ».

Quelle différence y a-t-il entre « être séropositif » et « avoir le sida » ?

Être séropositif, c'est être porteur du virus, même si aucun signe de la maladie n'apparaît. Une personne séropositive peut vivre des années avec le virus en se sentant en bonne santé, sans que la maladie se déclare (mais attention : la personne peut transmettre le virus). Quand le nombre de CD4 est trop bas, des infections « opportunistes » graves peuvent survenir. C'est à ce stade que l'on parle de la maladie du sida.

Comment se transmet le virus du sida ?

Trois voies de transmission sont possibles et ce sont les seules :

- **les relations sexuelles sans préservatif** avec une personne infectée ;
- **de la mère à l'enfant,** lors de la grossesse, de l'accouchement ou de l'allaitement maternel ;
- **le sang,** injections ou perfusions réalisées avec du matériel souillé, contact de sang infecté avec une plaie ouverte, transfusion sanguine non contrôlée.

Il n'existe pas d'autres modes de transmission. Le virus ne se transmet ni par la salive ni par les moustiques. On ne peut être contaminé par le virus en embrassant une personne séropositive, en lui serrant la main, en buvant dans le même verre qu'elle ou en partageant son repas.

Jèm sida (VIH)



Se ki sa « sida » a ye ?

Sida (sendròm imino-defisiyans akiz, « AIDS » an anglè) se yon maladi ke yon jèm bay yo rele VIH (Viris iminodefisyans imèn). Piti piti jèm sa a ap detwi sistèm defans oganis ou, li atake sitou globil blan yo rele « lenfosit CD4 ».

Ki diferans ki genyen ant moun ki « seropozitif » ak moun ki « gen sida » ?

ou seropozitif se lè w gen jèm nan sou ou san ke okenn siy maladi a pa parèt. Yon moun ki seropozitif kapab viv anpil ane avèk jèmnan san ke li pa malad, san ke maladi a pa deklare (men atansiyon : moun sa kapab bay lòt moun jèm la). Lè CD4 la trò ba, anpil infeksiyon « pwofitè» malouk kapab parèt. Se lè sa ke yo pale de maladi sidaa.

Koman w kap trape jèm sida a ?

3 jan w kapab trape e se yo menm sèl. :

- **Fè bagay san w pa mete kapòt** avèk yon moun ki genyen li.
- **Manman ka bay pitit** pandan yo gwòs, lè akouchman ou byen lè yap bay timoun yo tete ;
- **san** : Piki ou biyen seròm ki fèt avèk bagay sal, kontak san ki infekte avèk yon blese ki ouvè, transfiziyon san ki pa kontrole.

Pa gen lòt jan pou w trape li.

Jèm sa pa pase pa krache, ni avèk moustik . Ou pa ka pran sida si w bo yon moun ki seropozitif, nilè wap bay lanmen , si w bwè nan menm vè avèk li ou biyen si w manje nan menm asyèt avè'l.



VIH-sida

Comment éviter d'être contaminé par le VIH ?

Le seul moyen de se protéger du virus du sida lors d'un rapport sexuel est d'utiliser un préservatif. Il existe des préservatifs masculins et féminins. Ils protègent du virus du sida, des infections sexuellement transmissibles (IST, voir p. 44) et des grossesses non désirées.

Les préservatifs s'achètent en pharmacies, dans les supermarchés et dans des distributeurs. Certaines associations les délivrent gratuitement.



Respectez bien le mode d'emploi du préservatif (en cas de doute, demandez à votre médecin) :

- vérifiez que l'emballage porte la mention « CE » ;
- vérifiez la date limite d'utilisation ;
- un préservatif ne doit servir qu'une seule fois ;
- il ne faut surtout pas superposer 2 préservatifs.

Et si l'on veut arrêter d'utiliser le préservatif ?

Dans le cadre d'une relation durable et avant de cesser d'utiliser le préservatif, il est important de **faire le test de dépistage** :

- si le test est négatif pour les deux partenaires et si les deux partenaires sont fidèles l'un à l'autre, il est alors possible d'abandonner le préservatif. Attention, en cas de relation avec un autre partenaire, il est impératif d'utiliser un préservatif ;
- si le test est positif, cela permet d'être soigné mais aussi de prendre des précautions pour ne pas transmettre le virus, en utilisant un préservatif.



Kòman w kapab evite w pran jèm sida VIH ?

Sèl mwayen pou w pwoteje w ak jèm sida lè wap fè bagay se lè w sèvi ak kapòt. Gen kapòt pou gason e genyen pou fanm. Yo pwoteje w kont jèm sida ak lòt infeksiyon ke ou kap pran lè wap fè bagay (IST, gade paj 44) Kapòt anpeche w gwòs san w pa vle. Ou kapab achte kapòt nan famasi, nan makèt ak nan distribitè. Gen asosiyasiyon ki bay yo gratis.



Biyen respekte koman pou sèvi ak kapòt la (Si ou pa konen mande doktè w) :

- gade biyen ke anvlop la make siy « CE » ;
- gade biyen dèniye dat ou kap sèvi avèk li ;
- yon kapòt dwe sèvi ke yon sèl fwa;
- sitou pa mete yon kapòt sou lòt.

E si w vle sispann sèvi ak kapòt la ?

Lè se yon relasiyon ki long e si w vle kanpe sèvi ak kapòt, li impòtan pou w fè egzamen **pou chache jèm sida** :

- si rezilta a negatif pou tou de moun yo e si tou de fidèl, li posib pou w kite afè kapòt la. Atansiyon, lè wap fè bagay avèk yon lòt moun, fòk ou mete kapòt ;

- si rezilta a positif, sa pèmèt ou kab pran la swenyay, men fò w pran prekosiyon tou pou w pa bay lot moun jèm sida se pou sa pou w sèvi ak kapòt.



VIH-sida

Quand faire un test de dépistage du VIH ?

Il faut faire un test de dépistage si l'on a pris un risque.
« Prendre un risque », cela signifie :

- que l'on n'a pas utilisé de préservatif pour une pénétration (vaginale ou anale) ou pour un rapport bouche/sexe ;
- que le préservatif a craqué ;
- que l'on a reçu, dans le passé, une perfusion ou une injection avec du matériel souillé.

La contamination n'est pas systématique mais il suffit d'avoir pris l'un de ces risques **une fois** pour risquer d'être contaminé. C'est pourquoi il est très important de consulter un médecin sans attendre. Le médecin respecte le secret professionnel et la confidentialité des entretiens.

Où faire un dépistage du VIH ?

Il existe plusieurs possibilités : dans les Consultations de dépistage anonyme et gratuit (CDAG), chez le médecin, dans un centre de planification familiale, dans un centre spécialisé pour les infections sexuellement transmissibles (IST), dans un hôpital...

Dans un CDAG, le test est gratuit pour tous. Il est également anonyme : on n'a pas besoin de donner son nom et, aucun papier n'est à présenter.

Vous venez d'être exposé(e) à un risque :
Signalez-le au plus tôt, si possible dans les 4 heures qui suivent la prise de risque, au plus tard dans les 48 heures.
Demandez une prophylaxie d'urgence.



Ki lè pou w fè egzamen pou w chache jèm sida ?

Fòk ou fè egzamen pou w chache jèm sida lè w pran yon risk.
« Pran yon risk », sa vle di :

- ke nou pa sèvi ak kapòt lè gen foure (nan seks ou nan dèyè) ou pou yon rapò bouch / sex ;
- ke kapòt la pete;
- ke nou pran piki ou biyen yon seròm avèk bagay ki sal

kontaminasiyon a pa toujou fèt tout tan men menm si w pran risk la yon **sèl fwa** li kont pou w kontamine. Se pou sa li enpòtan pou w konsilte yon doktè san w pa tann.

Doktè a respekte bagay ki pa pou repete e la pe bouch li sou sa ke nou di.

Ki kote pou ou fè egzamen pou chache jèm VIH ?

Gen anpil jan pou w fè egzamen pou w chache jèm VIH. san non e'l gratis (CDAG), kay yon doktè, nan yon sant planing familial, nan yon sant ki espesiyalize pou infeksiyon w kap fè nan fè bagay (IST), nan yon lopital...

Nan CDAG, egzamen a gratis pou tout moun. Yo pap mande w non w : ou pa bezwen bay non w e ou pa gen okenn papiye pou w prezante.

Où sòt pran yon risk :
Di sa la pou la, si w kapab 48 è tan apre ou finn pran risk la,
Epou pita apre 2 jou.
Mande la menm yon tretman pwofilaxi la pou la.



VIH-sida

Deux situations se présentent :

- **Vous avez pris un risque il y a moins de 48 heures (2 jours)** avec un(e) partenaire dont vous savez qu'il(elle) est séropositif(ve) ou avec un(e) partenaire dont vous ne savez pas si il(elle) est ou non séropositif(ve) : rendez-vous **au plus vite**, si possible avec votre partenaire, aux urgences d'un hôpital. Le médecin examinera avec vous la situation et vous proposera éventuellement un traitement de un mois, qui peut empêcher la contamination.
- **Vous avez pris un risque il y a plus de 48 heures :** consultez **rapidement** votre médecin ou allez dans une Consultation de dépistage anonyme et gratuit (CDAG) ou à l'hôpital. On vous dira quand faire le test et on vous donnera tous les conseils utiles.


Si vous avez un doute, n'hésitez pas à consulter le plus tôt possible. En attendant les résultats du test, les partenaires devront se protéger.

Comment aider une personne séropositive ?

Les personnes séropositives ont besoin d'être entourées et de savoir qu'elles peuvent compter sur leur famille ou leurs amis. Le principal est de savoir être présent lorsqu'elles en ressentent le besoin. Sida Info Service peut répondre à des questions difficiles, apporter un soutien moral et orienter vers des associations locales.



Pour toute information, appelez Sida Info Service :
0800 840 800 (gratuit, 24 h/24)



De ka kap prezante :

- **Ou te pran yon risk sa fè mwens ke 2 jou (48 è)** avèk yon moun ke w pa te konnen ki seropozitif ou biyen avèk yon moun ou pa konnen si wi ou biyen non li seropozitif : ale **la pou la**, si w kapab avèk moun nan, nan ijans yon lopital. Doktè a ap reflechi sou pwoblèm nan avèk ou e li kapab ba w yon tretman yon mwa, ki kap anpeche ke w kontamine.
- **Ou pran yon risk sa fè plis ke 2 jou ou biyen 48 è** : al wè doktè w **la pou la** ou biyen ale nan yon sant kote yo fè egzamen san ke w pa bay non w e san w pa paye. (CDAG) ou biyen nan lopital. Yap di w nan ki moman pou w fè egzamen e yap ba w konsey wap bezwen.

Si w gen dout, pa tann pou w al wè doktè . Pandan wap tann rezilta egzamen yo, moun ki te kouche ansanm yo dwe met kapòt.

Kòman ou kap ede yon moun ki seropozitif ?

Moun ki seropozitif yo dwe gen bon entouraj e yo dwe konnen ke yo kapab konte sou fanmi yo ak sou zanmi yo. Pou yo menm, sa ki pi enpòtan se ke yo konnen ke yo gen moun bò kote yo lè yo bezwen. Sida Info Sèvis kap reponn kestiyon ke yap poze tèt yo, kore yo nan moral yo, ou biyen voye yo bay asosiyasion.



Pou tout sa w bezwen konnen, rele
0800 840 800 800 (gratis, 24h/24)



Infections sexuellement transmissibles (IST)

Les IST les plus fréquentes sont la syphilis, l'hépatite B, les chlamydiae, les gonocoques et l'herpès génital. Ce sont des infections bactériennes ou virales transmises par voie sexuelle lors de rapports non protégés (sans préservatif).


On peut ne ressentir aucun signe de maladie, et pourtant certaines IST peuvent avoir de graves conséquences (entraîner notamment une stérilité chez la femme chez l'homme, ou les deux).

Elles peuvent aussi présenter certains **signes visibles** (verrue, bouton ou plaie sur le sexe, écoulement purulent…). Il est donc important de les dépister tôt pour les traiter efficacement. Comme pour le VIH-sida, le seul moyen de s'en protéger est l'usage du préservatif à chaque rapport.

Pour le dépistage d'une IST : parlez-en avec votre médecin traitant ou le médecin d'un centre spécialisé sur les IST (demandez les coordonnées à Sida Info Service).



0800 840 800 (gratuit, 24 h/24)



Maladi moun ka pran nan fè bagay (MST)



Maladi ou kapab pran nan fè bagay ki pi kouran se sifilis, klamidiya, gonokòk avèk èpès tou. Se infeksiyon ke bacteri bay ak jèm moun pran nan fè bagay, lè yo kouche san yo pa met kapòt.

Maladi a kap pa menm fè remake'l, kèk maladi ou kappran nan fè bagay ka vin tounen yon fwèt pou ou (yo kapfè medam yo pa ka fè piti, mesiye yo tou, ou biyen tou lè de).

Yo kapab pete sou kò w (klou, bouton ou biyen blesi sou seks ou, koulman...). Fòk ou fè egzamen pou yo kap trete kòmilsedwa. Menm jan ak jèm sida, sèl jan pou w pa pran nan yo se kapòt pou w mete.

Sa pou w fè pou chache jèm maladi ou kap prannan fè bagay IST

Pale de sa ak doktè kap okipe w la ou biyen ak yon doktè yon sant espasiyalize sou maladi ke moun pran nan fè bagay IST

(mande koman pouw fè pou w trouve Sida Info Service)
0800 840 800



Hépatite virale B

Les virus de l'hépatite B ou C peuvent être responsables d'infections aiguës et/ou chroniques à l'origine de complications graves du foie.

- **L'hépatite B chronique** est plus souvent rencontrée chez les personnes originaires d'Afrique de l'Ouest, d'Asie de l'Est, d'Afrique centrale, d'Europe de l'Est et d'Afrique du Nord.

Il existe 4 modes de transmission du virus de l'hépatite B (VHB) :

- les relations sexuelles non protégées ;
- le contact direct ou indirect avec du sang infecté (piqûre, contact des muqueuses avec du matériel souillé, usage de drogues par voie intraveineuse ou par le nez, piercing, tatouage en l'absence de règles strictes d'hygiène) ;
- la transmission de la mère à l'enfant ;
- les contacts non sexuels des personnes vivant avec un sujet infecté, par partage d'objets de toilette piquants ou coupants (rasoir, brosse à dents...).

Il est important de dépister la maladie et de s'en protéger.
Selon les résultats du dépistage, une vaccination pourra être proposée par le médecin.

Jèm epatit B



Enfeksiyon jèm epatite B ak C gwo enfeksiyon ki mal pou pati ki kap atake fwa w.

- **Jèm epatit B kwonik** yo plis rankontre'l kay moun ki sòt nan Lwès Afrik , Lès Azi, Afrik Santral, Lès Eròp ak Afrik di Nò.

Ou kap pran epatit B 4 jan (VHB) :

- lè w fè bagay san ou pa pwoteje w ;
- lè san w antre an kontak avèk lòt san kontamine (piki, lè mikez ou touche babay sal, lè wap pike w pou ou pran dròg, lè wap snife, fè pèsinn, fè tatwaj san w pa veyatif sou pwòpte ;
- lè manman bay timoun li ;
- relasiyon ki pa gen anyen pou wè avèk moun ki kontamine, lè yap sèvi avèk menm bagay pou fè twalèt, bagay ki kap pike ou biyen koupe w (làm razwa, bwòsadan...).

Li enpòtan pou w fè egzamen pou maladi sa yo e pou w pwoteje tèt ou.

Dapre rezilta egzamen yo, doktè kapmande pou w pran vaksen.



Hépatite virale C

- **L'hépatite C chronique** se rencontre plus souvent chez les personnes originaires d'Afrique centrale, d'Europe de l'Est, d'Afrique du Nord, d'Asie centrale, d'Asie du Sud, du Proche-Orient et d'Amérique du Sud.
  Plus l'hépatite est dépistée tôt, plus la personne peut bénéficier de soins précocement.

On recherche en particulier le virus de l'hépatite C (VHC), s'il existe des situations à risque :

